

Pou Piblikasyon Imedya: 20/11/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE RESOUS ETA AP BAY ANPLIS POU AKSELERE 132  
PWOJÈ ATENYASYON INONDASYON OLON RIVAJ LAK ONTARIO AK RIVYÈ ST.  
LAWRENCE LAN**

***Fonksyonè Administrasyon Cuomo a yo ak Ekspè Ajans Eta yo Rankontre ak  
Benefisyè Finansman nan Kad Inisyativ pou Rezistans ak Devlopman Ekonomik  
lan nan Konferans REDI a pou Akselere Pwojè yo***

***Gouvènè Ankouraje Minisipalite ki te Sibi Gwo Dega nan Inondasyon yo Rantre  
nan Pwosè Eta ap Entante kont Komisyon Kolektif Entènasyonal la***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse resous anplis y ap bay pou akselere 132 pwojè yo te akòde fon nan kad Inisyativ Rezistans ak Devlopman Ekonomik lan (Resiliency and Economic Development Initiative, REDI). Anplis de sa, manm administrasyon Gouvènè a yo ak ajans Eta New York yo te rankontre ak benefisyè finansman REDI a yo jodi a nan tou premye konferans yo te òganize sou reyalizasyon inisyativ REDI a nan Albany pou yo plis akselere pwojè yo k ap fèt olon rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence lan. Nan konferans lan, reprezantan ki soti nan uit konte REDI yo—Cayuga, Jefferson, Monroe, Niagara, Orleans, Oswego, St. Lawrence, ak Wayne—ap rankontre avèk 11 ajans eta yo k ap gide efò a. Benefisyè finansman REDI yo pral resevwa enfòmasyon sou reyalizasyon pwojè a, ki gen ladan oktwa pèmi ak revizyon anviwònman yo, pou asire pwojè yo vanse byen rapid. Epitou, Gouvènè a te ankouraje minisipalite ki te sibi gwo dega akòz dlo Lak Ontario a ki te monte wo a, pou yo rantre nan pwosè Eta ap entante kont Komisyon Kolektif Entènasyonal la (International Joint Commission, IJC). [Vandredi 15 Novanm lan](#), Gouvènè Cuomo ak Pwokirè Jeneral Letitia James te entante yon [pwosè](#) elaji nan non Eta a kont IJC paske yo pa te reyisi reyalize pwotokòl inondasyon yo genyen pou Baraj Idwoelektrik Moses-Saunders la (Moses-Saunders Power Dam).

"Aprè dlo inondasyon yo te andomaje kay, wout, ak enfrastrikti lokal yo nan anpil kominote ki bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence lan, mwen te mande ajans Eta New York yo pou yo mobilize ekspètiz yo epi fè tout sa k posib pou yo reyalize pwojè ki pral kreye dirabilite alontèm," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Jodi a, mwen akeyi benefisyè prim REDI yo nan Albany pou yo rankontre ak ekspè ajans yo, pou yo elabore pwochèn etap yo, epi jwenn repons a kesyon yo genyen yo - tout sa pou ede vanse pwojè yo soti nan konsepsyon ak planifikasyon rive nan oktwa pèmi ak reyalizasyon nan fason ki pi rapid posib. Pwojè sa yo pral reyalize vizyon Eta a genyen pou l pwoteje ak amelyore enfrastrikti enpòtan rejyon an, anviwònman, ak ekonomi lokal yo nan fason dirab. Lè nou travay ansanm, n ap fè pwojè enpòtan sa yo vanse vè lavan epi ede kominote bò rivaj yo rekipere yo apre dega dlo ki te monte wo yo te kite dèyè."

"Kominote k ap viv bò rivaj yo te fè fas a anpil gwo defi pandan ane ki sot pase yo. Se poutèt sa nou te pran mezi agresiv pou n ede gouvènman lokal yo, biznis yo, ak pwopriyetè kay yo avèk sipò eta a pou amelyore rezistans, reponn a efè inondasyon yo, epi lite kont menas chanjman klimatik la," **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Finansman sible sa a y ap bay pwojè k ap fèt nan konte Inisyativ Rezistans ak Devlopman Ekonomik lan yo pral reponn a bezwen enfrastrikti enpòtan yo pou asire dirabilite alontèm. Efò enpòtan sa yo pral ede konbat devastasyon evènman move tan ekstrèm yo kite dèyè yo, ranfòse ekonomi nou an, epi amelyore kalite lavi rezidan k ap viv olon Gran Lak yo pandan anpil jenerasyon k ap vini ankò."

Nan konferans reyalyasyon inisyativ REDI a, ajans eta k ap patisipe yo te prezante yon pwogram rapò enjeniri pou asire pwosesis evalyasyon anviwònmantral k ap fèt pou chak grenn pwojè ap fini apati mitan mwa Fevriye 2020. Pou asire evalyasyon yo fèt nan yon delè apwopriye, esponsò pwojè ki pa te fè yon etid enjeniri yo pral kapab antre nan yon kontra Eta santralize. Anplis de sa, Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la (Department of Environmental Conservation, DEC) ak lòt ajans Eta yo te pran angajman pou yo akselere pwosesi oktwa pèmi an pou pwojè REDI ki konsène enfrastrikti yo, ki se anviwon mwatye nan 132 pwojè yo te atribiye finansman yo.

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke ajans Eta yo an kowòdinasyon ak Kò Enjenyè Lame Amerikèn lan (U.S. Army Corps of Engineers), te sekirize sèvis enjeniri pou lanse uit pwojè dragaj rejyonal epi y ap prezante gran pwon pwojè a yo an Desanm. Gran pwon yo pral idantifye zòn kote yo pral fè dragaj yo epi l ap gen ladan yon kalandriye pou reyalyasyon pwojè a.

Ajans Eta ki fè patenarya ak REDI yo gen ladan DEC, Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a (Homes and Community Renewal, HCR), Kòporasyon Etablisman Anviwònmantral yo (Environmental Facilities Corporation), Depatman Eta a (Department of State), Depatman Transpò a (Department of Transportation), Depatman Travay la (Department of Labor), Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik la (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services), Biwo Sèvis Jeneral la (Office of General Services, OGS), Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA), ak Otorite Dòtwa Eta New York la (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY).

Yo te tabli senk rejyon REDI yo, ki gen ladan uit konte ki bò rivaj, pou yo idantifye priyorite ki genyen onivo lokal yo, enfrastrikti ki a risk yo ak lòt enkyetid ki genyen pou resous ak sekirite piblik. Komisyon REDI a te atribiye 20 milyon dola pou bay pwopriyetè kay yo asistans, 30 milyon dola pou amelyore rezistans biznis yo, ak 15 milyon dola pou yon efò dragaj rejyonal ki pral nan avantaj chak nan uit konte yo. Yo te atribiye rès 235 milyon dola ki rete a bay pwojè lokal ak rejyonal k ap fè vanse epi ki montre egzanp misyon REDI a.

Pou idantifye pwojè yo, pandan prentan ak eta ki sot pase a, REDI te òganize 25 reyinyon kominotè ak pati prenan yo ak atelye ak anpil santèn rezidan, yo te konvoke plis pase 15 reyinyon komite planifikasyon, epi yo mande ajans ak ekspè jeni Eta a yo pou yo evalye plis pase 500 pwojè ke kominote yo te pwopoze. Pwojè yo genyen ladan yo yon seri resous ki a risk, ki gen ladan estabilizasyon rivaj, sante ak sekirite piblik,

enfrastrikti dlo ak dlo ize enpòtan, waf ak pò, ak pèt/valè tè, pami lòt priorite ankò, kote yo te mete aksan sou karakteristik natirèl oswa ki baze sou lanati ak enfrastrikti ekolojik.

Pou chak pwojè, yo pral bezwen fè revizyon pèmi ant plizyè jiridiksyon yo, ak revizyon anviwònman ki asosye yo, anvan yo fè detèminasyon final pou pwojè a kontinye. Pou yo ka konstwi rezistans, redui risk dega pou pwopriyete yo alavni, epi minimize efè yo gen sou abita yo, DEC te konpile direktiv jeneral yo pou gide konsepsyon zòn kotyè ak pwojè devlopman yo. Direktiv sa yo, ki disponib sou [pajwèb direktiv REDI a](#), gen ladan done teknik, konsèy reglemantè, pi bon pratik, ak resous ki disponib pou devlopman olon rivaj dinamik Gran Lak yo ak Rivyè St. Lawrence lan.

Detay sou pwojè yo te atribiye fon REDI yo nan konte Cayuga, Jefferson, Monroe, Niagara, Orleans, Oswego, St. Lawrence, ak Wayne, ansanm ak pwojè dragaj rejyonal ki pral nan avantaj tout konte sa yo disponib [la](#).

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman la, Basil Seggos, te deklare,** "Lidèchip Gouvènè Cuomo nan kad repons eta bay kominote dlo Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence lan ki te monte wo a te afekte yo se yon liv egzanp ki montre bon gouvènman ak bon jesyon kriz. Avan, pandan ak apre dlo inondasyon te ravaje pwopriyete ak enfrastrikti enpòtan olon rivaj toupatou nan rejyon an, Gouvènè a te aji nan fason desiziv pou l livre resous ak retire obstak yo pou l ka akselere rekipèrasyon ak rekonstriksyon an. Jodi a, nou la pou n asire esponsò pwojè REDI yo gen enfòmasyon ak zouti ki nesèsè pou yo vanse ak pwoteje resous kominote a yo pou anpil ane k ap vini ankò".

**Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development lan ak Ko-Prezidan Komisyon REDI a, Eric Gertler te deklare,** "Chanjman klimatik pa sèlman yon pwoblèm anviwònman, se yon pwoblèm ekonomik tou. Gouvènè Cuomo ak administrasyon li an rekonèt ke si nou fè rekonstriksyon nan menm nòm yo fas rechofman planèt la, sa p ap yon vizyon alontèm. Komisyon REDI a te travay men nan men ak lidè lokal yo pou devlope yon estrateji devlopman ekonomik k ap asire rezidan k ap viv ak travay bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence lan yo ka rekipere yo byen rapid epi y ap pi rezistan pou defi anviwònman inevitable yo alavni".

**Komisè Depatman Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta New York la, Patrick A. Murphy te deklare,** "An 2019, ajans eta yo te travay kòtakòt ak patnè lokal nou yo pou lanse yon efò san presedan pou ede Nouyòkè yo reziste lè dlo Lak Ontario a monte. Malerezman, sa pa te yon ijans izole epi li klè ke l vin tounen yon sitiyasyon k ap plede repete. Se sèlman lè nou gade bagay yo nan fason global epi n jwenn fason pou n ranfòse rezistans rivaj yo, n ap kapab pwoteje sante kominote bò rivaj yo alontèm. Gras a lidèchip Gouvènè Cuomo ak devouman Komisyon REDI a, kounye a vizyon alontèm sa a ap konkretize epi li p ap pran twòp tan pou rezidan yo kòmanse rekòlte fwi plan byen reflechi sa yo".

**Gil C. Quiniones, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji New York la, te deklare,** "Kominote bò rivaj St. Lawrence ak Lak Ontario yo enpòtan pou NYPA epi nou fyè pou n kanpe ak manm konpatryòt nou yo nan kominote a pou n

rekonstwi pi byen ak pi solid. Nou menm, nan NYPA, nou kontan pou n sipòte efò Gouvènè Cuomo ak kominote bò rivaj yo ap fè pou yo ranfòse rezistans kont evènman dlo k ap monte wo yo. Nan konferans sa a, objektif nou se pou n asire nou reponn nenpòt kesyon ki potko jwenn repons pou pati konsène yo ka travay ansanm pou yo vanse pwojè priyorite sa yo vè lavan".

**Sekretè Eta a, Rossana Rosado te deklare,** "Gras a lidèchip Gouvènè Cuomo, kominote bò rivaj Lak Ontario yo gen resous ak zouti yo prè pou yo rekonstwi rivaj yo a. Depatman Eta a kontan pou n travay kòtakòt ak kominote REDI yo pou n akselere pwojè yo epi nou pran angajman pou n ede ranfòse rezistans kominote yo pou lavni".

**Komisè Biwo Sèvis Jeneral la, RoAnn Destito, te deklare,** "Gras a inisyativ vizyonè REDI li a, Gouvènè Cuomo te pote ekspètiz ak resous ki soti nan plizyè ajans Eta yo pou pote kole nan kad efò yo kontinye fè pou repare dega nivo dlo wo yo te lakoz nan kominote Lak Ontario yo nan fason ki pi rapid posib. Antanke yon manm Komisyon REDI Gouvènè a, mwen ap wè ak pwòp je m nan ki pwen kolaborasyon ki gen ant Eta a ak gouvènman lokal yo ap mache pou pwoteje moun ak enfrastrikti yo depann de yo nan reyon sa a kont inondasyon alavni".

**Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,** "Efò komisyon REDI a ap fè yo se egzanp ki montre fason ajans gouvènman yo ka travay ansanm pou ede moun New York yo. Se yon lonè pou m sèvi kòm yon manm komisyon sa a epi patisipe nan travay enpòtan k ap fèt yo".

**Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez te deklare,** "Gouvènè Cuomo kontinye ofri sipò inebnanlab pou ede kominote ki te frape plis yo olon rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence lan. Depatman Transpò Eta fyè pou n kanpe ak Gouvènè a ak patnè nou yo nan gouvènman an pandan n ap ranfòse enfrastrikti enpòtan nou yo epi kreye kominote ki pi djanm, pi rezistan pou rezidan ak biznis yo. Envestisman sibil n ap fè nan kad inisyativ REDI a pral ede amelyore kalite lavi epi estimile kwasans ekonomik nan kominote ki afekte yo pandan anpil ane k ap vini ankò".

**Vis Prezidan DASNY an, Paul G. Koopman te di,** "DASNY kontan pou n patisipe nan inisyativ enpòtan sa a epi ede rivaj St. Lawrence ak Lak Ontario a atenn dirabilite ak rezistans. Antanke yon antite finansman REDI yo, nou la nan konferans lan jodi a pou n reponn nenpòt kesyon pati konsène yo genyen epi fè vanse pwojè vital sa yo. Lè nou travay ansanm, n ap rann li sèten kominote bò rivaj sa yo ka satisfè bezwen ijans yo alavni epi reyalize siksè ekonomik alontèm".

**Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare,** "Mwen felisite mezi desiziv Gouvènè Cuomo ap pran pou l atenyè dega konsiderab inondasyon ki plede rive nan reyon sa a te lakoz yo. Mwen paka tann pou m travay ak kominote yo pou n reyalize mezi sa yo, epi mete moun yo deyò pou y al jwi pak, plaj, tèren kan, platfòm anbakadè ak lansman bato ki fè repitasyon reyon Lak Ontario a".

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, te deklare,** "Konferans jodi a kontinye repons desiziv ak global Gouvènè Cuomo a fas a inondasyon katastwofik olon Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence lan.

HCR fyè pou n fè pati yon ekip devwe k ap travay kòtakòt kominote ki afekte yo pou n idantifye priyorite lokal yo, akselere pwojè rekiperasyon yo, epi devlope solisyon alontèm ki pwoteje ak anrichi resous rivaj yo byen alavni".

**Prezidan Asanble Lejislatif Konte Jefferson nan Scott Gray, te di,** "Depi apre nivo istorik inondasyon Lak Ontario a yo, Gouvènè a ap defann anpil kominote ki olon Lak la. Li te pase imedyatman alaksyon avèk mezi èd sekou apre katastwòf yo epi bay rezidan yo èd yo byen bezwen pou pwoteje kay yo. Pwochèn faz nan kad repons a nouvo nòm al inondasyon an, Komisyon REDI a, pral transfòme pèspektiv ekonomik kominote nou yo epi pwoteje kay nou yo byen alavni. Sa pa t ap janm posib san Gouvènè a epi mwen felisite l pou lidèchip li".

**Lynne Johnson, Prezidan Lejislati Konte Orleans lan, te deklare,** "Inovasyon Komisyon REDI a pa t ap ka rive fèt san vizyon Gouvènè Cuomo. Aksan l mete sou patenarya onivo lokal ak eta a yo te kle sikse inisyativ sa a ak kle pou asire chak konte atenn objektif yo genyen pou kominote yo. Mwen gen tout konfyans ke fon yo bay yo pral restore, renouvle ak revitalize pwojè nou genyen ki pi merite l yo".

**Majistra Vil Oswego a, William Barlow, te deklare,** "Gouvènè Cuomo te montre kominote nou an ak lòt kominote olon rivaj Lak Ontario a ke inondasyon istorik te devaste yo yon sipò san parèy. Komisyon REDI a se yon apwòch novatris pou rekonstwi enfrastrikti nou yo pou lavni epi li pral ede asire kominote yo prepare pou yo reziste anba move tan ekstrèm ak inondasyon ke nou sèten k ap vini yo. Jan Gouvènè Cuomo te di a, se yon nouvo nòm al, men avèk èd li ak èd Komisyon REDI a, nou pral prepare nou pou li".

**David McDowell, Majistra Vilaj Sodus Point lan, te deklare,** "Depi 2017, kominote Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence lan yo te inonde anba dlo inondasyon ki te lakoz dega ki vo anpil milyon dola. Pandan tout dire pwosesis la, Gouvènè Cuomo te rete yon zanmi ak yon defansè pou kominote nou yo, kote l ap bay sipò inestimab. Konferans jodi a pral fè anpil pou l ede kominote lokal yo akselere efò y ap fè pou yo rekonstwi ak rekipere yo epi mwen paka remèsye Gouvènè a ase pou sipò li".

**Sipèvizè Minisipalite Greece la, Bill Reilich te deklare,** "Kounye a, inondasyon istorik nou te viv la se yon avni nou dwe prepare pou li. Komisyon REDI a te pran yon apwòch novatris, global pou l takle defi sa a, epi gras a lidèchip Gouvènè Cuomo, kominote nou yo paka tann pou yo retabli yo pi djanm pase jamè avan".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)